

Kesyon Komen Sou Isoniazid ak Rifapentine

Tretman Enfeksyon Tibèkiloz Mwen an

Pwofesyonèl swen sante w te preskri **Isoniazid ak Rifapentine** pou trete enfeksyon tibèkiloz ou (tuberculosis, TB). **Ou dwe pran medikaman sa a yon fwa pa semèn pou 12 semèn**, nan lespas senk a 10 minit apre ou fin manje. Isoniazid ak rifapentine ka ede w anpeche w malad ak maladi tibèkiloz aktif, yon maladi ki pi grav, alavni.

Tès tibèkiloz mwen an pozitif, men radyografi pwatrin mwen an nòmal. Mwen santi mwen byen. Èske mwen bezwen kòmanse pran Isoniazid ak Rifapentine?

Wi. Menmsi w pa santi w malad kounye a, ou gen jèm tibèkiloz yo nan kò w. Pran medikaman se sèl fason pou touye jèm tibèkiloz yo nan kò w.

Ki efè segondè Isoniazid ak Rifapentine?

Pifò moun ka pran medikaman sa yo san pwoblèm. Rifapentine ka lakòz irin ou (pipi), saliv (krache), dlo nan je oswa swe vin tounen yon koulè oranj-wouj. Sa a nòmal. Koulè a ka pali apre yon tan.

Èske mwen ka toujou pran lòt medikaman mwen yo, medikaman fèy, vitamin oswa sipleman?

Sa depann. Gen kèk medikaman, vitamin ak sipleman ki pa prezante yon danje si w pran l avèk Isoniazid ak Rifapentine. Gen kèk ki danjere. Di doktè w, enfimyè oswa famasyon w sou lòt medikaman w ap pran, tankou medikaman san preskripsyon, medikaman sou preskripsyon (ki gen ladan planin), medikaman fèy, medikaman tradisyonèl, vitamin ak sipleman.

Èske gen nenpòt manje oswa bwason ke mwen ta dwe evite pandan m ap pran Isoniazid ak Rifapentine?

Wi. Pa bwè alkòl pandan 12 semèn ou nan tretman an. Konbinezon alkòl ak Isoniazid ak Rifapentine ka domaje fwa ou.

Ou ta dwe evite manje ki gen tiramin oswa istamine chimik, tankou fwomaj vyeyi, pwason, vyann seche oswa fimen. Sa yo ka lakòz sentòm, tankou woujè nan po a, batman kè rapid oswa fò, ogmantasyon tansyon oswa tèt fè mal. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou w wè si w bezwen yon rejim espesyal.



Sispann pran ni Isoniazid ni Rifapentine epi rele biwo pwofesyonèl swen sante w la touswit si w gen nenpòt nan efè segondè sa yo:

- Pa vle manje okenn manje
- Kè plen oswa vomisman
- Doulè nan vant
- Irin (pipi) mawon (pa wouj oswa oranj)
- Poupou ki gen koulè pal
- Dyare
- Doulè nan pwatrin ou oswa lestomak brile
- Sentòm grip avèk oswa san lafyèv
- Tèt oswa kò fè mal
- Gwo feblès oswa fatig
- Lafyèv oswa frison
- Vètij
- Po oswa je ki vin jòn
- Gratèl oswa demanjezon sou po ou
- Ou gen ematom fasil, oswa tach wouj oswa koulè wouj violèt sou po ou ke ou pa kapab eksplike
- Senyen fasil, senyen nan nen oswa senyen nan jansiv ou oswa alantou dan ou
- Souf kout
- Doulè oswa pikotman nan men w, bra w, pye w oswa janm ou
- Santiman tristès oswa depresyon

Si w gen move efè segondè, ou ka pran yon lòt medikaman pou trete enfeksyon tibèkiloz. Pale ak pwofesyonèl swen sante w, enfimyè oswa famasyon ou si w gen nenpòt enkyetid.

Kesyon Komen Sou Isoniazid ak Rifapentine

Tretman Enfeksyon Tibèkiloz Mwen an

Kisa mwen ta dwe fè si mwen bliye pran medikaman sa a?

Si se toujou menm semèn nan, pran medikaman ou jan yo mande w la kou w sonje. Si w rate yon semèn, kontinye pran medikaman w jan yo mande w la. Si w bliye pran medikaman w rele doktè w pou w jwenn konsèy.

Kòman mwen ka sonje pran medikaman mwen an?

Pran medikaman ou yon fwa pa semèn (pa egzansp, chak lendi ak manje maten). Gen diferan fason pou w sonje medikaman ou:

- ✓ Sèvi ak yon ti kanè medikaman, tankou Rejis Medikaman Kont Enfeksyon Tibèkiloz lan, pou w anrejistre kijan ak kilè ou pran medikaman ou.
- ✓ Sèvi ak yon aplikasyon kalandriye (app) sou telefòn selilè w oswa òdinatè wou w anrejistre kijan ak kilè ou pran medikaman ou.
- ✓ Mete yon alam chak jou pou w pran medikaman ou.
- ✓ Toujou kenbe medikaman ou an menm kote a, tankou sou yon ti tab bò kabann ou.
- ✓ Sèvi ak yon bwat pou konsève grenn chak semèn.
- ✓ Mande yon zanmi oswa yon manm fanmi w pou fè w sonje pou w pran medikaman w.

Kòman pou mwen konsève Isoniazid ak Rifapentine?

Konsève Isoniazid ak Rifapentine ou nan tanperati anbyan. Pa konsève medikaman sa yo kote li pral frèt anpil (tankou nan frijidè a), cho anpil (tankou tou pre recho ou) oswa imid anpil (tankou nan yon kabinè twalèt). Kenbe li lwen timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche “**medicine safety**” (sekirite medikaman).

Èske yo ka ranpli preskripsyon mwen pou Isoniazid ak Rifapentine pou plis pase 30 jou alafwa?

Pwofesyonèl swen sante w la ap gen plis chans pou w wè w chak mwa pandan w ap pran Isoniazid ak Rifapentine pou asire ke tretman an ap travay ak diskite sou nenpòt efè segondè. Ansanm, ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la ka deside kisa ki travay pi byen.

Èske mwen ka pran mwens medikaman si mwen santi mwen an sante? Èske mwen ka sispann tretman an bonè?

Non. Li enpòtan pou w fini pran tout medikaman w pou enfeksyon tibèkiloz ou a pou ba w pi bon chans pou w touye jèm tibèkiloz ki nan kò w. Si ou sispann tretman bonè, ou ka toujou malad pita. Pale ak pwofesyonèl swen sante w an premye anvan w sispann tretman oswa pran mwens nan medikaman ou.

Kilè mwen ka sispann pran Isoniazid ak Rifapentine?

Aprè ou fin ranpli tout tretman 12 semèn ou a. Si w gen pwoblèm pou w pran medikaman an, pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou yo ka ede w konplete tretman w lan.

Tanpri pale ak pwofesyonèl swen sante w la si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan tretman enfeksyon tibèkiloz w la. Nan ka ijans oswa si efè segondè yo vin pi mal, kontakte pwofesyonèl swen sante w la oswa ale nan sal ijans ki pi pre w la.

Enfòmasyon pou kontakte pwofesyonèl swen sante/klinik

Non pwofesyonèl swen sante/klinik:

Nimewo Telefòn:

Adrès:
